



Department of
Housing Preservation
& Development

**Gid Lojman Abòdab
pou Moun ki Gen
Andikap yo**

Janvye 2022

Sa Ki nan Liv la

Seksyon 1. Entwodiksyon	3
Seksyon 2. Apèsi sou Lotri Lojman Abòdab	3
Seksyon 2a. Inite yo Mete Apa pou Moun ki Gen Andikap yo	3
Seksyon 3. Aplike pou Lojman Abòdab atravè Lotri Lojman HPD	4
Seksyon 3a. Konsèy pou Ranpli Pwofil Housing Connect ou a	5
Seksyon 3b. Aprè Ou Fin Aplike	6
Seksyon 3c. Prepare w Pou Si yo Kontakte w pou w Voye Dokiman Ale.....	6
Seksyon 3d. Apre W Fin Voye Dokiman W yo.....	6
Seksyon 3e. Konsèy pou w Prepare w pou Pwosesis Revizyon Kalifikasyon an.....	7
Seksyon 4. Mitchell-Lama	8
Seksyon 5. Kesyon Moun Poze Souvan.....	9
Seksyon 6. Resous	12
Sitwèb yo	12
Dokiman.....	12

Seksyon 1. Entwodiksyon

Dokiman sa a bay yon apèsi sou lojman abòdab ak konsiderasyon espesyal pou moun ki gen andikap nan Vil New York. Sijè yo abòde yo gen ladan yo, yon eksplikasyon sou lojman abòdab, inite yo mete apa pou moun ki gen andikap, pwosesis aplikasyon pou lotri lojman HPD atravè NYC Housing Connect, inite Mitchell-Lama ak kesyon yo poze souvan yo.

Seksyon 2. Apèsi sou Lotri Lojman Abòdab

Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development, HPD) ak Sosyete Devlopman Ekonomik (Economic Development Corporation, HDC) bay opòtinite nan lojman pou anpil fanmi selon nivo revni yo ak kantite moun ki nan fanmi an. Pou asire distribisyon lojman abòdab ki jis, apatman yo sibvansyone sa yo disponib pou vann oswa lwe atravè yon sistèm lotri owaza. Yo konsidere inite lojman sa yo abòdab paske yo koute apeprè yon tyè oswa mwens nan revni rezidan an.

Seksyon 2a. Inite yo Mete Apa pou Moun ki Gen Andikap yo

Pwojè lojman abòdab HPD ak HDC finanse mete apa 7% nan inite yo pou aplikan ki gen andikap: 5% pou mobilite, 2% pou vizyon ak tandè. Sa yo se "inite yo mete apa pou moun ki gen andikap" epi yo fèt dapre Nòm Aksèsibilite Federal Inifòm (Uniform Federal Accessibility Standards, UFAS). Karakteristik konsepsyon UFAS nan yon inite yo mete apa ap depann de aranjman rezonab ki nesesè pou andikap rezidan an.

- Yon inite yo mete apa pou mobilite a vle di plan etaj la fèt pou l ka aksesib pou yon moun ki gen yon andikap ki redui kapasite depasman li. Sa a ta ka gen ladan bifèt demontab ki anba kontwa a, sèten wotè pou aparèy kizin ak kontwa, pami lòt karakteristik.
- Yon inite vizyon oswa oditif yo mete apa ka gen ladan sistèm alam ki itilize tonalie ki byen fò, limyè k ap flache oswa vibrasyon, oswa aparèy entèlijans ak teknoloji kominikasyon.

Tanpri sonje yo pa konsidere aplikan lojman abòdab pou moun ki gen yon andikap yo sèlman pou inite yo mete apa pou moun ki gen andikap. Lè yon kay aplike pou yon lotri epi li gen yon manm ki gen yon andikap ki redui

kapasite depasman li, pwoblèm vizyon oswa pwoblèm pou l tandè, yo konsidere aplikasyon yo a ni pou inite yo mete apa pou moun ki gen andikap ni pou nenpòt lòt inite nan devlopman sa a yo kalifye pou li a.

Seksyon 3. Aplike pou Lojman Abòdab atravè Lotri Lojman HPD

NYC Housing Connect se pòtay anliy ou pou jwenn ak aplike pou opòtinite pou lwe ak pou achte kay nan pri abòdab atravè senk (5) minisipalite Vil New York yo. Ale sou sit entènèt NYC Housing Connect la nan: [HousingConnect.nyc.gov](https://www.housingconnect.nyc.gov). Lè ou wè yon anons ki ka abòdab pou ou, asire w pwofil Housing Connect ou a konplè epi kòmanse aplike! Pwofil Housing Connect ou a vin tounen aplikasyon ou pou chak devlopman w ap aplike pou li nan sistèm nan.

Aplikasyon yo ap fè fas ak limit kalifikasyon revni, ki ka diferan soti nan yon devlopman lojman pou ale nan yon lòt. Nou rekòmande anvan yon moun aplike, aplikan yo dwe egzamine anons pwojè ki gen limit revni an pou detèmine si yo nan chan revni ki kalifye a. **Li trè enpòtan pou mete ajou enfòmasyon ki sou pwofil ou a imedyatman nenpòt lè manm kay ou a oswa revni yo chanje.** Sa a ka fèt anvan oswa apre ou aplike nan nenpòt devlopman.

Epitou anons yo gen enfòmasyon sou inite yo mete apa ak preferans ki disponib pou chak devlopman. Pa egzanp, anplis de sa yo mete apa pou moun ki gen andikap yo, ou ka wè preferans pou anplwaye minisipal yo oswa pou rezidan ki deja abite nan menm konsèy kominotè ak devlopman an.

Anons pou devlopman lojman abòdab yo sou paj "Open Loteries" NYC Housing Connect la ak nan piblikasyon minisipal ak lokal yo. Chak anons gen enstriksyon sou fason pou aplike atravè Housing Connect oswa nan lapòs. Si w prefere aplike avèk yon aplikasyon sou papye olye pou w aplike sou entènèt, ou ka mande pou devlopè a voye yon aplikasyon nan lapòs ba ou. Al gade nan enstriksyon sou anons pou lotri pou aprann plis sou demann yon aplikasyon sou papye ak ki kote pou voye nan lapòs aplikasyon ki ranpli yo. Si w deside soumèt yon aplikasyon sou papye, pa aplike sou entènèt tou; soumèt aplikasyon yo nan lapòs ak sou entènèt ka fè w pèdi kalifikasyon ou.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou fason pou jwenn aplikasyon sou papye lè w rele 212-863-7990.

Seksyon 3a. Konsèy pou Ranpli Pwofil Housing Connect ou a

Asire w ou antre revni pou tout moun ki pral viv avèk ou nan seksyon Manm Kay nan pwofil Housing Connect ou a. Mete tout sous revni, sa gen ladan revni travay, travay endepandan, revni pou avantaj gouvènman an (chomaj, èd piblik, TANF, Rezèv Fòs Lame, elatriye), revni retrèt oswa pou moun ki gen andikap (pansyon, anwite, sekirite sosyal, SSI/SSD)., dedomajman travayè, elatriye), ak revni ki soti nan lòt sous (sipò timoun, revni kado, pansyon alimantè, revni lokasyon, elatriye).

Si ou gen yon bon oswa sibvansyon pou lwaye, asire w ou di sa nan pwofil ou a. Kondisyon pou revni minimòm yo pa aplike si ou gen yon bon oswa yon sibvansyon pou lwaye. Sepandan, lwaye a ta dwe nan limit maksimòm pwogram bon oswa èd pou lwaye w la otorize a. Seksyon 8 Bon pou Chwa Lojman (HPD oswa NYCHA), CityFHEPS, ISS, Renonsyasyon pou Medicaid, ak VASH se kèk egzanj sibvansyon pou lokasyon epi yo aksepte tout atravè lotri lojman abòdab la.

Si yon moun nan kay ou a gen yon andikap ki redui kapasite depasman li, pwoblèm vizyon oswa pwoblèm pou l tande, asire w ou di sa nan seksyon Manm Kay nan pwofil Housing Connect ou a. Si w ap aplike ak yon aplikasyon yo voye nan lapòs, yo poze kesyon sa a nan seksyon Enfòmasyon sou Moun nan Kay la nan aplikasyon sou papye a. Yon aranjman rezonab akòz yon andikap ka gen ladan yon chanjman, adaptasyon, oswa modifikasyon nan yon kontra, pwogram, sèvis oswa espas travay, tankou ajoute yon ranp pou pèmèt yon moun k ap sèvi ak chèz woulant antre nan bilding nan, ki otorize yon bèt sèvis antre nan yon bilding ki gen yon règleman ki pa otorize bèt domestik rantre ladan, oswa yon chanm sipleman pou moun ki gen yon moun k ap ede l nan kay la oswa sèten ekipman medikal.

Seksyon 3b. Aprè Ou Fin Aplike

Aprè dat limit aplikasyon an, yo mete tout aplikasyon sou entènèt ak sou papye yo nan yon lòd owaza epi yo ba yo yon nimewo anrejistreman. Yon fwa yo fin bay tout nimewo anrejistreman yo owaza, Ajan Maketing lan ap egzamine aplikasyon yo, l ap kòmanse ak inite yo mete apa pou moun ki gen andikap ak preferans yo.

Akòz volim aplikasyon nou resevwa yo, sa ka pran plizyè mwa oswa plis ankò pou w jwenn repons konsènan aplikasyon w lan. Kèk fwa ou ka pa jwenn repons, menm si w kalifye.

Si yo pa chwazi w oswa si yo pa reponn ou, kontinye chèche lòt apatman epi aplike lè w pare.

Seksyon 3c. Prepare w Pou Si yo Kontakte w pou w Veye Dokiman Ale

Si yo chwazi aplikasyon w lan, y ap mande w pou w reponn yon demann dokiman pou pwouve enfòmasyon ou mete nan aplikasyon w lan. Demann sa a enpòtan anpil. Ajan nan bilding nan pral konfime si w kalifye pou opòtinite ou te aplike pou li a. Prepare w alavans pou asire w ou pare.

Ou pral gen pou montre:

- Ki moun ki ap viv avèk ou. Egzanp: batistè, pyès idantite ki gen foto ladan
- Revni tout moun ki pral viv avèk ou. Egzanp: souch chèk; deklarasyon taks federal ak leta; prèv avantaj Sekirite Sosyal, veteran, oswa revni èd piblik
- Enfòmasyon sou apatman w ladan kounye a: Egzanp: kontra lwaye ou ladan kounye a, resi pou lwaye, dènye fakti gaz oswa kouran
- Gade [Aprè Ou Fin Aplike: Lis Kontwòl ak Resous yo](#) gid si w bezwen èd pou w jwenn kopi dokiman sa yo

Seksyon 3d. Apre W Fin Veye Dokiman W yo

Y ap egzamine kalifikasyon w, epi yo ka chwazi aplikasyon w lan pou plis konsiderasyon. Si se sa, w ap oblije pase nan kèk etap anplis anvan yo detèmine ou kòm kandida ki pase etap yo epi ofri w inite a.

Ou ka resevwa yon avi rejè ki di ou pa kalifye ak rezon ki fè w pa kalifye a. Si sa rive, ou gen dwa pou fè apèl. Sa vle di w ap gen yon chans pou eksplike poukisa ou panse desizyon an pa t kòrèk. Yo mete pwosesis apèl la nan avi rejè a. Sonje:

- Si ou vle fè apèl, aji vit—w ap sèlman gen yon ti tan limite pou w soumèt yon kontestasyon ki eksplike poukisa ou panse yo pa t dwe rejte aplikasyon w lan. Mete nenpòt dokiman ki sipòte apèl ou a.
- Ajan bilding yo pral egzamine apèl ou a epi voye yon avi ak rezilta a ba ou.
- Si apèl la reyisi, ajan an ap kontinye trete aplikasyon w lan.
- Si apèl ou a pa reyisi, w ap resevwa yon avi ki di yo rejte apèl ou a. Si w panse toujou gen yon erè, ou ka kontakte HPD oswa HDC nan senk (5) jou ouvrab pou depoze yon plent. Asire w ou mete yon eksplikasyon ak dokiman sipò ki di pou ki rezon ou panse gen yon erè. Avi a ap ba ou enstriksyon.

Menmsi ou pa kalifye pou yon opòtinite lojman, lòt aplikasyon ou te soumèt pou lòt inite yo toujou aktif. Sonje pou kenbe enfòmasyon Housing Connect ou yo ajou pou si yo chwazi w pou yon lòt apatman.

Seksyon 3e. Konsèy pou w Prepare w pou Pwosesis Revizyon Kalifikasyon an

Pwosesis la ka avanse byen vit yon fwa yo fin revize kalifikasyon ou pou yon devlopman abòdab. Men sa ou ka fè alavans pou w prepare w:

- Gade HPD [Aprè Ou Fin Aplike: Lis Kontwòl ak Resous yo](#) gid pou kalite dokiman yo ka mande w pou bay pandan revizyon kalifikasyon an.
- Si w gen yon andikap ki redui kapasite deplasman w, pwoblèm vizyon oswa pwoblèm pou w tande, mande doktè w la pou l ranpli [Sètifika Kalifikasyon pou Inite yo Mete Apa pou Moun ki Gen Andikap yo](#), ki se yon fòm HPD ak HDC itilize pou verifye yon moun nan yon kay kalifye pou yon inite yo mete apa pou moun ki gen andikap. Fòm sa a valab pou yon (1) lane, epi ou ka jwenn yon lyen ki mennen nan fòm ki sou sitwèb Housing Connect la oswa sou paj Resous HPD pou Moun ki Gen Andikap yo: nyc.gov/hpd/accessibility.

- Egzamen kalifikasyon an fèt sitou sou entènèt. Si w bezwen rankontre ak Ajan Maketing lan an pèsòn epi w bezwen yon aranjman rezonab pou reyinyon an, asire w ou mande aranjman rezonab la anvan randevou a.
- Konnen istwa kredi ou ak lokasyon ou. Si w aplike pou yon lokasyon abòdab, epi yo kontakte w pou yon egzamen kalifikasyon, w ap gen opsyon swa pou sibi yon verifikasyon kredi oswa bay prè istwa lokasyon pozitif olye de yon verifikasyon kredi. Si w bezwen èd pou w konprann oswa amelyore istwa kredi w, pran yon randevou ak yon konseye finansye Ready to Rent: nyc.gov/ready-to-rent.
- Asire w ou verifye sa kontra lwaye aktyèl ou a di sou demenajman anvan kontra lwaye a fini. Sa a itil pou konnen l alavans paske si yo ofri w yon apatman, ou ta ka bezwen demenaje byen vit.

Seksyon 4. Mitchell-Lama

Pwogram Mitchell-Lama bay fanmi ki gen revni modere ak mwayen yo lokasyon ak lojman koperativ abòdab. Si ou se yon veteran ki abite nan Eta New York, ou ka gen dwa pou jwenn yon preferans pou devlopman Mitchell-Lama ak yon lis datant ouvè. Ale sou [sitwèb Mitchell-Lama](#) la pou aprann plis.

Yo vann oswa lwe Apatman Mitchell-Lama yo atravè lis datant chak devlopman kenbe. Gen anpil lis datant ki fèmen paske gentan gen ase moun ki aplike pou mete nan lojman ki vid yo espere nan yon avni ki pwòch. Sepandan, yon fwa lis datant sa yo fini, devlopman sa yo òganize lotri pou ranpli lis datant yo. Ou ka wè yon Lis Lojman epi aplike nan lotri sa yo sou paj Rechèch sou [sitwèb Mitchell-Lama Connect la](#).

Gen kèk bilding Mitchell-Lama ki pa egzije lotri pou ranpli lis datant yo. Pou aplike, ou dwe kontakte konpayi jesyon an dirèkteman pou mande yon aplikasyon. Pou jwenn yon lis bilding ki gen lis datant ouvè ak enfòmasyon kontak pou chak konpayi jesyon, klike "Waitlist" (Lis Datant) ki sou paj Rechèch Mitchell-Lama Connect la.

Seksyon 5. Kesyon Moun Poze Souvan

Mwen gen yon andikap, men li pa afekte depasman mwen, vizyon oswa tande mwen. Èske mwen ka toujou aplike atravè Housing Connect?

Wi. Moun k ap aplike ki pa gen yon andikap ki redui kapasite depasman, pwoblèm vizyon oswa pwoblèm pou yo tande ka toujou aplike pou lojman abòdab nan lotri jeneral pou lojman abòdab epi mande pwopriyetè bilding lan aranjman rezonab si li nesèsè pou fè chanjman nan apatman an. Inite yo mete apa pou moun ki gen andikap yo rezève pou moun ki gen andikap ki redui kapasite depasman, pwoblèm vizyon oswa pwoblèm pou yo tande, yo konplete yo ak finansman federal epi se Seksyon 504 nan Lwa Reyabilitasyon an ki egzije sa.

Kisa k ap pase si yo kontakte m konsènan yon inite yo mete apa pou moun ki gen andikap, men mwen pa gen yon andikap ki redui kapasite depasman mwen, pwoblèm vizyon oswa pwoblèm pou mwen tande?

Si w di ou gen yon andikap ki redui kapasite depasman ou, pwoblèm vizyon oswa pwoblèm pou w tande sou aplikasyon w lan epi apre sa yo jwenn ou pa gen youn ladan yo, y ap remete aplikasyon w lan nan basen jeneral aplikasyon an. Yo ka kontakte ou ankò pou lòt konsiderasyon.

Kisa yon aranjman rezonab ye?

Yon aranjman rezonab se yon chanjman, adaptasyon, oswa modifikasyon nan yon kontra, pwogram, sèvis, espas travay, oswa kay ki pral pèmèt yon moun ki gen yon andikap gen menm aksè ak yon moun ki pa gen yon andikap. Egzanp aranjman rezonab yo gen ladna yo ajoute yon ranp pou pèmèt yon k ap sèvi ak chèz woulant antre nan bilding nan; otorize yon bèt sèvis antre nan yon bilding ki gen yon règleman ki pa otorize bèt domestik rantre ladan.

Ki pwosesis ki genyen pou w mande yon aranjman rezonab nan apatman oswa lakay ou, akòz yon andikap?

Ou ka mande pwopriyetè kay la oswa pwopriyetè bilding lan dirèkteman aranjman rezonab akòz yon andikap ou genyen, yo dwe ba ou li gratis, toutotan travay yo mande a pa kreye yon chaj egzajere.

Kisa mwen ka fè si mèt kay mwen an pa vle fè aranjman rezonab nan apatman an akòz yon andikap mwen genyen?

Dapre Lwa sou Dwa Moun Vil New York la, ou gen dwa pou jwenn aranjman rezonab akòz yon andikap ou genyen, sof si li ta kreye yon sitiyasyon difisil. Si founisè lojman ou a pa dispoze bay ak peye pou aranjman rezonab yo, ou ka kontakte Komisyon Dwa Moun Vil New York la pou sipòte pwosesis dyalòg koperatif ant oumenm ak pwopriyetè w la.

Kòman pou mwen depoze yon plent konsènan aplikasyon pou lojman abòdab mwen an oswa Ajan Maketing ki te egzamine kalifikasyon mwen an?

Kontakte HPD compliance nan hpdcompliance@hpd.nyc.gov oswa HDC compliance nan hdccompliance@nychdc.com.

Si ou kwè ou te fè viktim diskriminasyon, tanpri rele 311 oswa ale sou nyc.gov/cchr pou aprann plis sou dwa w oswa pote yon plent nan Komisyon Dwa Moun Vil New York la.

Ki dokiman medikal ki nesèsè nan aplikasyon mwen an pou lotri Housing Connect?

- *Sètifika Kalifikasyon pou Inite yo Mete Apa pou Moun ki Gen Andikap (Sètifika Medikal)* - tanpri sonje Sètifika Medikal sa a gen yon dire 1 lane epi w ap gen 2 semèn pou kolekte epi soumèt dokiman w yo apati dat yo ofri w yon inite a (pa egzanzp, pyès idantifikasyon ki gen foto sou li, batistè, verifikasyon revni ak prèv rezidans aktyèl ou).
- *Lèt Motivasyon pou Sètifika Andikap la* - Si w pa kapab fè yon pwofesyonèl medikal ranpli fòm Sètifika Medikal la nan tan yo bay pou egzamine kalifikasyon an, olye de sa ou ka ranpli epi soumèt fòm Lèt

Motivasyon Sètifika Andikap la poukont ou, jiskaske yon pwofesyonèl medikal ranpli fòm Sètifika Medikal la.

Ou bezwen èd ak pwosesis aplikasyon an?

Anbasadè Lojman HPD yo se òganizasyon kominotè ki ede moun prepare epi aplike pou lotri lojman abòdab. Anplis Anbasadè jeneral yo, HPD fè patenarya ak Anbasadè Lojman pou Moun ki Gen Andikap yo ki ka anmezi pou bay plis sipò espesyalize pou moun k ap aplike ki gen andikap yo. Rele 311 oswa ale sou sit entènèt nou an pou w konekte ak yon Anbasadè Lojman ki toupre w: nyc.gov/housing-ambassadors.

Ou ka kontakte Andrew Lange tou, Kowòdonatè Sèvis pou Moun ki Gen Andikap HPD a, pou jwenn enfòmasyon sou Anbasadè Lojman oswa sèvis HPD an jeneral: 212-863-6486 ak accessibility@hpd.nyc.gov.

Kiyès pou kontakte pou verifye estati yon aplikasyon, oswa si w pa ka antre nan platfòm Housing Connect la:

NYCHousingConnect@hpd.nyc.gov oswa 212-863-7990

Kiyès pou kontakte konsènan Seksyon 8 ak lòt bon yo:

- HPD pa bay piblik la dirèkteman Bon Chwa Lojman ki baze sou lokatè, menm si Bon ki Baze sou Lokatè Seksyon 8 la disponib atravè Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la (Homes and Community Renewal, HCR) ak Otorite Lojman Vil New York la (New York City Housing Authority, NYCHA). Ou ka kontakte HCR nan telefòn nan 866-275-3427 ak NYCHA nan 718-707-7771. Ou ka kontakte Depatman Sèvis Sosyal Vil New York la pou jwenn sèvis prevansyon sanzabri atravè Pwogram Homebase li a: www1.nyc.gov/site/hra/help/homebase.page.
- [CityFHEPS](#) – Sipleman èd pou lokasyon Minisipalite a bay pou ede moun ak fanmi yo jwenn epi kenbe lojman.
- [HASA](#) – Sèvis Minisipalite a bay pou ede moun k ap viv ak SIDA oswa maladi VIH pou yo viv yon vi ki pi an sante, pi endepandan.
- [NHTD](#) – Leta bay renonsyasyon pou tranzisyon nan mezon retrèt ak divèsyon.
- [ISS](#) – Leta bay sibvansyon lojman pou granmoun ki gen andikap entèlektyèl.

Seksyon 6. Resous

Sitwèb yo

- [Resous HPD pou Moun ki Gen Andikap](#)
- [NYC Housing Connect](#)
- [NYC Mitchell-Lama Connect](#)
- [MOPD Access Housing: Gid ou pou Jwenn Aksè ak Lojman nan Vil New York](#)
- [Pwogram Anbasadè Lojman](#)
- [Ready to Rent Program \(Pwogram Pare pou Lwe\)](#)

Dokiman

- [Gid Aplikasyon pou NYC Housing Connect](#)
- [Lèt Motivasyon pou Sètifika Andikap la](#)
- [Sètifika Kalifikasyon pou Inite yo Mete Apa pou Moun ki Gen Andikap yo \(Sètifika Medikal\)](#)